

VII. WANDA JEUNG FUNGSI KALIMAH

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan wanda, sipat, jeung fungsi kalimah dina basa Sunda. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampu:

- (1) ngeceskeun wanda kalimah,
- (2) ngeceskeun sipat kalimah, jeung
- (3) ngeceskeun fungsi kalimah.

B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung tilu perkara kayaning (1) wanda kalimah, (2) sipat kalimah, jeung (3) fungsi kalimah. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

1. Wanda Kalimah

Kalimah bisa dibedakeun dumasar kana warna anu jadi caritaan, nya eta kalimah pagawean (verbal) jeung kalimah lain pagawean (non-verbal). Kalimah pagawean mangrupa kalimah anu caritaanana mangrupa kecap atawa gundukan kecap pagawean. Ari kecap lain pagawean mangrupa kalimah anu caritaanana mangrupa kecap atawa gundukan kecap lain pagawean saperti kecap sipat, kecap barang, kecap bilangan, jeung frasa pangantet. Di handap ieu diruntuykeun contona.

- Ade keur maca buku di perpustakaan.
- Buukna mani panjang.

Kalimah pagawean disawang tina patali harti antara palaku jeung kalakuan bisa dibedakeun jadi opat rupa, nya eta (1) kalimah migawe, (2) kalimah kapigawe, (3) kalimah migawe maneh, jeung (4) kalimah silihales.

a. Kalimah migawe

Kalimah migawe (aktif) nyaeta kalimah anu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan milampah’, ari jejerna jadi ‘palaku’. Contona:

- Barudak keur maca buku.

b. Kalimah dipigawe

Kalimah migawe (pasif) nyaeta kalimah anu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan kapilampah’, jejerna jadi ‘pangrandap’. Contona:

- Buku keur dibaca ku barudak.

c. Kalimah migawe maneh

Kalimah migawe (refleksif, medial) nyaeta kalimah anu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan malines ka diri’. Contona:

- Kuring siduru hareupeun hawu.

d. Kalimah silihbales

Kalimah migawe (resiprokatif) nyaeta kalimah anu caritaanana nuduhkeun ‘kalakuan silihbales’. Contona:

- Rudi jeung Ading keur silihsimbeuh.

Satuluyna, kalimah pagawean disawang tina jumlah panggandengna, bisa dipasing-pasing jadi opat rupa, nya eta (1) kalimah tanlaju, (2) kalimah ekalaju, (3) kalimah madialaju, jeung (4) kalimah dwilaju.

(1) Kalimah tanlaju

Kalimah tanlaju (intransitif) nyaeta kalimah anu caritaanana mangrupa kecap pagawean anu teu mikabutuh objek atawa panglengkep. Contona:

- Kuring diuk
J C

(2) Kalimah ekalaju

Kalimah tanlaju (monotransitif) nyaeta kalimah anu caritaanana mangrupa kecap pagawean anu mikabutuh hiji objek. Contona:

Bapa ngala lauk di balong
J C O K

(3) Kalimah madyalaju

Kalimah madyalaju (semitarnsitif) nyaeta kalimah anu caritaanana mangrupa kecap pagawean anu mikabutuh objek jeung panglengkep. Contona:

Ajat dipangmeulikeun buku ku Angga
J C Pa O

2. Sipat Kalimah

Dumasar kana cara Ebrehanana, kalimah dibedakeun jadi kalimah langsung jeung kalimah teu langsung.

a. *Kalimah langsung*

Kalimah langsung nya eta kalimah anu langsung diucapkeun ku panyaturna. Contona:

“Iraha datang ti Bandung teh, Man?” Ua naros.

“Kamari sonten dongkap teh, Ua”, ceuk Maman

b. *Kalimah teu langsung*

Kalimah teu langsung nya eta kalimah anu teu langsung diucapkeun ku panyaturna. Contona:

Ua naros ka Maman iraha datang ti Bandung.

Maman ngajawab yen manehna datang teh kamari sore.

3. Fungsi Kalimah

Disawang tina tanggapan nu dipiharep ti pamiarsa atawa dumasar kana konteks situasi makena, kalimah bisa diwincik jadi opat rupa.

a. *Kalimah Wawaran*

Kalimah wawaran (deklaratif) nyaeta kalimah anu eusina ngawawarkeun atawa mere beja ka nu lian sarta miharep tanggapan nu mangrupa paniten wungkul. Kalimah jawaban oge kaasup kana kalimah wawaran. Contona:

- Dadang teh indit ka sakola.

- Gawe teh ngan menta wae maneh mah.

b. *Kalimah Pananya*

Kalimah pananya (interogatif) nyaeta anu eusina nanyakeun hiji perkara ka jalma lian sarta miharep tanggapan nu mangrupa jawaban.

Kalimah pananya bisa diwangun ku rupa-rupa cara:

(1) nambahkeun lentong pananya, contona:

Dadang teh indit ka sakola?

Budak teh diajar enmbang?

(2) nambahkeun kecap *lain, encan, kitu, naha*:

Dadang teh indit ka sakola, *lain*?
Dadang teh indit ka sakola, *encan*?
Dadang teh indit ka sakola, *kitu*?
Naha Dadang teh indit ka sakola?

(3) nambahkeun kecap pananya *naon, saha, ku naon, iraha, kumaha, sabaraha, mana*.

Naon nu dibeuli ku Dadang teh?
Saha nu meuli buku teh?
Ku naon Dadang teh teu ka sakola?
Iraha Dadang teh indit ka sakolana?
Sabaraha Dadang teh meuli bukuna?
Mana buku nu dibeuli ku Dadang teh?
Kumaha Dadang teh cara nawar bukuna?

c. Kalimah Parentah

Kalimah parentah (imperatif) nyaeta kalimah nu eusina pikeun marentah jalma lian sangkan migawe pagawean atawa miharep tanggapan nu mangrupa tindakan. Ku kituna, jejerana teh jalma kadua. Aya rupa-rupa kalimah parentah, kayaning:

(a) Kalimah panitah

Cik pangnyokotkeun baju!
Tutupkeun panto!

(b) Kalimah pangajak

Mangga calik!
Urang ulin, yu!

(c) Kalimah pangjurung

Jung geura indit!
saena mah angkat teh ayeuna bae.

(d) Kalimah pangharepan

Muga-muga kahoyong Ibu tienkanaan!
Mudah-mudahan urang salamet!

d. Kalimah Panyeluk

Kalimah panyeluk (interjeksi) nya eta kalimah nu eusina ngebrehkeun rasa (emosi) panyaturna kayaning rasa gumbira, nalangsa, geuleuh, reueus, jste.

Asik, meunang lauk badag euy!

Emh, bet kieu-kieu teuing nasib teh!

Iy, aya budak teu mandi!

Euleuh, aya ku pinter eta budak!

C. RANGKUMAN

Kalimah bisa dipasing-pasing dumasar kana sababaraha cara saperti wanda, sifat, jeung fungsina. *Kahiji*, dumasar kana wandana dibedakeun kalimah pagawean (verbal) jeung kalimah lain pagawean (non-verbal). Kalimah verbal disawang tina hubungan palaku-kalakuan dibedakeun jadi kalimah migawe, kalimah kapigawe, kalimah migawe maneh, jeung kalimah silih bales. *Kadua*, disawang tina jumlah panggondengna, kalimah pagawean dibedakeun jadi kalimah tanlaju, kalimah ekalaju, kalimah madyalaju, jeung kalimah dwilaju. *Katilu*, disawang tina sipatna, dibedakeun kalimah langsung, anu langsung diucapkeun ku panyaturna jeung kalimah teu langsung, anu teu langsung diucapkeun ku panyaturna. *Kaopat*, disawang tina fungsina dibedakeun opat rupa kalimah, nya eta kalimah wawaran, kalimah pananya, kalimah parentah, jeung kalimah panyeluk.

D. LATIHAN

1. Tetelakeun bedana kalimah pagawean jeung kalimah lain pagawean!
2. Tetelakeun bedana kalimah pagawean migawe jeung kapigawe! Tuluy contoan!
3. Contoan masing-masing dua kalimah migawe maneh jeung kalimah silih bales!
4. Tetelakeun tur contoan kalimah madyalaju!
5. Sebutkeun tilu cara ngawangun kalimah pananya!
6. Tetelakeun rupa-rupa kalimah panyeluk!
7. Jieun contoh kalimah langsung jeung kalimah teu langsung!
8. Jieun conto kalimah pangharepan!
9. Jieun kalimah make kecap pananya *saha, iraha*, jeung *kumaha*!
10. Tetelakeun tur contoan ngeunaan kalimah panyeluk!